

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG RÉKOMENDASI

#### 5.1. Kacindekan

Léngkah pamungkas nu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan nya éta nyusun kacindekan jeung rékomendasi. Kacindekan disusun dumasar kana data nu geus dikumpulkeun, dianalisis, jeung dipedar di bab saméméhna. Ku ayana ieu kacindekan dipiharep bisa ngajawab sakur pasualan nu aya dina rumusan masalah jeung bisa méré gambaran umum ka nu maca sangkan bisa nyangkem kana hasil panalungtikan. Anapon kacindekan dina ieu panalungtikan ngawengku kana sawatara hal saperti ieu di handap.

- 1) Prosés pangajaran nulis aksara Sunda ngagunakeun média *strip story* lumangsung dina waktu 3 minggu (tilu kali pertemuan) kalawan ngaliwatan dua belas léngkah anu disusun sacara sistematis dumasar kana conto nu diébréhkeun ku Arsyad (2009:122). Salila lumangsungna prosés pangajaran ngagunakeun média *strip story*, siswa leuwih aktif ti batan guru lantaran siswa ngalaman prosés 5 M (*mengamati, menanya, menalar, mencoba, jeung mengkomunikasikan*).
- 2) Kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda antara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *strip story* ngaronjat. Ieu katingali tina hasil tés awal jeung tés ahir. Saméméh ngagunakeun média *strip story* kapanggih yén 27 urang siswa atawa 90% siswa niléyna  $< 75$  kalawan katégori can mampuh jeung 3 urang siswa atawa 10% siswa niléyna  $\geq 75$  kalawan katégori mampuh. Sedengkeun sanggeus ngagunakeun média *strip story* kapanggih yén saurang siswa atawa 3,3% siswa niléyna  $< 75$  kalawan katégori can mampuh jeung 29 urang siswa atawa 96,7% siswa niléyna  $\geq 75$  kalawan katégori mampuh.
- 3) Aya béda anu signifikan antara hasil tés awal saméméh ngagunakeun média *strip story* jeung hasil tés ahir sanggeus ngagunakeun média *strip story*. Tina hasil uji gain, rata-rata tés awal siswa nya éta 55,25 sedengkeun rata-rata tés ahir siswa nya éta 86,25. Ku kituna kapanggih rata-rata gainna nya éta 31,00.

4) Média *strip story* bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda. Ieu dibuktikeun ku hasil uji hipotésis anu ngébréhkeun yén  $t_{itung} > t_{tabel}$ . Dumasar kana hasil itungan uji hipotésis,  $t_{itung}$  niléyna 18,4. Sedengkeun  $t_{tabel}$  hargana 2,76 kalawan derajat kepercayaan 99%. Ku kituna bisa dicindekkeun yén hipotésis kerja ( $H_a$ ) bisa ditarima, sedengkeun hipotésis nol ( $H_0$ ) ditolak. Ieu hartina aya béda nu signifikan antara hasil tés awal jeung hasil tés ahir siswa kelas X Sainték 1 SMA Laboratorium Percontohan UPI taun ajaran 2013-2014 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *strip story*.

Dumasar kana pedaran di luhur, sacara gurat badagna bisa dicindekkeun yén média *strip story* mampuh ngaronjatkeun kamampuh siswa kelas X Sainték 1 SMA Laboratorium Percontohan UPI taun ajaran 2013-2014 dina nulis aksara Sunda.

## 5.2. Rékomendasi

Sanggeus ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan média *strip story* dina pangajaran nulis aksara Sunda di kelas X Saintek 1 SMA Laboratorium Percontohan UPI taun ajaran 2013-2014 kalawan mikanyaho kana hasilna, panalungtik ngarékoméndasikeun sababaraha hal, di antarana:

- (1) Média *strip story* bisa dijadikeun alternatif dina ngajarkeun pangajaran lianna, boh matéri séjénna dina pangajaran basa Sunda boh matéri saluareun pangajaran basa Sunda, lantaran bisa ngaronjatkeun aktivitas siswa di jero kelas tur mampuh ngaronjatkeun kamampuh siswa, hususna dina nulis aksara Sunda;
- (2) Sangkan hasil tina ieu panalungtikan bisa digeneralisasikeun kana populasi anu leuwih jembar, ku kituna diperlukeun pisan panalungtikan ékspérimén murni ngeunaan média *strip story*;
- (3) Gunakeun média pangajaran séjénna, boh anu sipatna visual boh anu sipatna média audio-visual dina ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda;

- (4) Panalungtik satuluyna dipiharep bisa leuwih asak jeung produktif deui dina nataharkeun jeung ngamekarkeun média *strip story* nu dipaké dina prosés pangajaran; jeung
- (5) Salian ti dijieun média, *strip story* gé bisa dijadikeun aksésoris séjénna anu bisa nambahan pangaweruh, saperti gantungan tas, gantungan konci, jeung stiker aksara Sunda lantaran wangun média *strip story* anu basajan tur bisa dibawa kamana-mana.

